



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 Mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOSKITE YO KOUNYE A GEN AKSÈ A ENFÒMASYON SOU TIKÈ KONTRAVANSYON KI TE PASE DEJA

Aksè amelyore a dosye DMV yo montre tikè ki te pibliye pa sèlman kondanasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Motè Veyikil Eta New York (DMV) ap mete enfòmasyon adisyonèl ala dispozisyon pwoskitè yo sou istwa tikè kontravansyon machin kidonk pwoskitè yo kapab fè jijman ki pi enfòme lè yap konsidere yon pledwaye pou yon chaj kondwi ankou. Enfòmasyon an pral disponib pou tikè kontravansyon ki te pibliye pandan 10 ane ki sot pase yo lè chaj orijinal la te nan pwen inisyalyasyon, yon ofans ki gen rapò a dwòg oswa alkòl, oswa paske ou tap kondwi yon veyikil san lisans. Aktyèlman, se sèlman done sou kondanasyon ki disponib pou pwoskitè yo.

Anpil fwa lè yon otomobilis ale nan tribinal, tikè kontravansyon orijinal la diminye a yon chaj ki pi ba. Sa fèt souvan paske pwoskitè a oswa tribinal la pa okouran ke chofè a gen yon istwa konpòtman kondwi ki danjere. Kòm yon egzanp, se yon pratik komen pou tribinal ak pwoskitè yo pèmèt otomobilis yo chaje avèk ofans vitès pou plede chaj sa yo a ofans ki pi ba tankou vyolasyon nan estasyonman.

“Nan bay pwoskitè yo yon istwa ki pi konplè sou istwa kondwi yon moun, yo kapab pran desizyon enfòme ak ede asire ke chofè ki kapab reprezante danje yo pa tonbe ankò nan ofans yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Refòm sa yo pral pwoteje otomobilis yo ak rann New York pi ansekirite.”

Nan 2010, nan boug, vilaj, vil ak distri tribinal yo, 129,628 chaj pou vitès te redwi soti nan vyolasyon pou vitès a “stasyonman sou twotwa.” Nan 2011, 112,996 jan de pledwaye sa yo te aksepte. Kontravansyon pou vitès te lakoz ant 3 a 11 pwen te plase sou yon lisans, depannde kantite kilomèt pa èdtan anplis de vitès limit la. Si yon otomobilis akimile 11 oswa plis pwen nan lespas 18 mwa, lisans yo kapab sispann pa DMV. Toutfwa, pa gen pwen ki asosye a chaj sou trotwa.

“Lè Gouvènè Cuomo te mande DMV pou gade kijan nou te kapab mete enfòmasyon sou ansyen kontravansyon yo disponib a pwoskitè yo, nou te konnen nan divilge jan de enfòmasyon sa yo tap genyen yon enpak pozitif sou sekirite trafik la,” te deklare Komisyonè Motè Veyikil Barbara J. Fiala. “Nan rann istwa kontravansyon disponib, pwoskitè ak tribinal yo pral genyen yon dosye ki pi egzat ak konplè

Haitian Creole

sou vyolatè a.”

Aksè a enfòmasyon sa a limite a Avoka Distri, paralegal ak envestigatè kap travay anba sipèvizyon ak kontwòl DA ak kòt pwosekitè yo ki otorize pa yon biwo DA. Enfòmasyon an pral afiche sèlman si dispozisyon nan kontravansyon orijinal la te lakoz nan yon kondanasyon koupab de yon chaj ki mwens, te kouvri pa yon lòt tikè oswa li toujou annatant Kontravansyon kote chaj la te rejete oswa estati jèn ofansè ki te akòde a pat enkli.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418